Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
Гумбет районалъул газета



№ 44 (6832) 28 ноябрь 2022 с. Итни Жумадул авал 1444 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Гъоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалъ – 95 сон

### ЦIар рагIарал цIалдохъабаздалъун машгьураб мактаб

**Бакълъул районалда тIобитIана Гъоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалъ 95 сон баялъул рохалилаб тад-**



**бир. Гьенир гIахьаллъи гьабуна бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас, районалда ва муниципалитет тун къватIирехун хIалтIула ругел гьеб цIалул идараялъул выпускниказ, жамгIияталъ ва цогидаз. Баркиялъулаб кIалъялъулъ Гъалип Гъалиповас рехсана район ва тIолго Дагъистан цебетIезе къиматаб бутIа лъурал гьеб школалъул цIалдохъабазул цIарал. Гъалиповас баян гьабуна лъайкьей цебетIей – аслияб суалазул цояб букIин. Лъайкьеялъул рахъал церетIезе мурадалда муниципалиталда гIумруялде рахьинарулел программабазулги бицана.**

Тадбиралда гьединго кIалъазе рахъана Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, Гъоркь Инхо росдал школалъул директор МухIамад Жамалудинов, ДГПУялъул рахьдал мацIал лъазариялъул гIелмиябгун лъай кьеялъул Централъул директор, филологиял гIелмабазул кандидат МухIамад НурмухIамадов, районалъул имам ГIабдурашид ХIажиев, харабазул вакил ЮнусхIажи ХIамзатов, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчагIи ГIиса Шарапудинов, ГIайшат Ибрагьимова ва цогидал.




Тадбир бачана магIарул мацIалда. Юбилеялъулаб данделъиялда гьеб цIалул идараялъул мугIалимзабазе районалъул администрациялъ шапакъаталги кьуна. Гьединго кIодо гьавуна сахаватчи БатIал БатIаловги. Тадбир берцин гьабуна цIалдохъабазул художествияял церерахъиназ. Гьенир гIахьаллъаразе квенги чIезабун букIана.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Армиялде гIолилал ахIиялъул бицана

**Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда армиялде гIолилал ахIиялъул суалал**



**рорхараб данделъи тIобитIана араб анкьалъ районалъул администрациялда. Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас, Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас, бегавулзабаз, военкоматалъул вакилзабаз, ВУСазул хIалтIухъабаз ва цогидаз.**

Рагъулаб хъулухъ тIубазе ахIарал бакълъулал жиндир заманалда военкоматалде рачIиналъул хIалтIаби росабазул бутIруз участковиязда цадахъ гIуцIиялъул суалалде кIвар кьуна дандеруссиналда гIахьаллъараз. Бакълъул районалъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевасул рагIабазда рекъон, муниципалитеталъул прокуратураялде ва районалда бугеб РФялъул ОМВДялде Бакълъул ва Казбек районазул военкоматалде рачIине кколел гIолилазул сияхI кьун буго.

Армиялде гIолилал ахIиялда тIасан баянал гьаруна Бакълъул районалъул эменазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIабдурахIман Дайтмирзаевасги. Гьесул баяназда рекъон, рагъулал аскаразде хъулухъ гьабизе ахIарал Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялде ритIизе гьечIо. Путинил рагIабазда рекъон, срочникал ритIизе гьечIо Украина неофашистаздаса



«ХIурматиял умумул! Нилъер улкаялда щибаб соналъ тIоритIула армиялде гIолилал ахIиялъул хIалтIаби. Россиялъул нухмалъулев Владимир Владимирович эркен гьабиялъул мурадалда тIобитIараб спецоперациялде»,- ян абуна ГIабдурахIман Дайтмирзаевас.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Алжан – эбелалалъул хIатIакь**

- 2 - гьум.



**«БакIалъулаб байбихьи»**

- 2 гьум.



**Гьудул-гьалмагълъиялда кIочон гьечIо ГъазимухIамад АхIмадов**

- 3 гьум.



**Спецоперациялъул гIахьалчагIаз цIалана бакълъулазул цIалдохъабазул кагътал**

- 3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-хIажи



УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

# Алжан – эбелалъул хIатIакь

### Эбелалъул къо кIодо гьабуна Бакълъулазул ракьалда

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Бакълъулазул мухъалда бугеб централъул кIалгIаялда рохалилаб ахIвал-хIалалда гIуцIана эбелалъул къоялда хурхун байрам. Гьелда гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул тIалъиялъ, республикаялъул ва бакIалъулал идарабазул нухмалъулез, хIалтIухъабаз, районалъул поселениязул вакилзабаз ва цогидаз. Тадбир тIобитIана районалъул руччабазул гIуцIиялъ ва маданияталъул идараялъ.**

Байрам рагьилелде бихьизабуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Бакълъул мухъалда бугеб централъул нухмалъулев, Дагъистаналъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировас хIадурараб улбузул къоялда хурхараб фильм. Тадбир бачана «Гумбет» газетаялъул жавабияй секретарь Зугьра ГIабдулкъадировалъ.

Рохалилаб дандеруссин рагьана ва улбузда байрам баркана Бакълъулазул бетIер Гъалип ГIисахIажиевич Гъалиповас. «ХIурматиял улбул! РакI-ракIалъ баркула нужеда эбелалъул къо! Нужеда тIад буго жавабчилъи цIикIкIараб иш, амма улбуз бихьизабула къо хIехьеялъул мисал, район, республика ва тIолго улка цебетIезабизе бугеб гъира.

МугIалимзабиги нуж, медицинаялъул рахъал церетIезарулезул кьердаги нуж, фронталде росал, васал индал, рукъ цIунулелги нуж. РакI-ракIалъ гьарула нужее щулияб сахлъигун халатаб гIумру, лъималаз даим рохизареги,сундулъго цебетIей нужее, хириял улбул»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.



Эбелазда байрам баркизе гьединго кIалъазе рахъана: Бакълъул мухъалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, муниципалитеталъул эменазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIабдурахIман Дайтмирзаев, районалъул тIалаб-агъазалъул ва къайимлъиялъул отделалъул бетIерай специалист ПатIимат ГIумарахъаева, бакълъулазул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулелъул заместитель ГIазра Исубилаева, районалъул гIолилазул Палатаялъул вакил Рапият УхIумагIалиева, СВОялъул гIахьалчи ХIасан ХIасановасул эбел Сакинат ГIабдулаева, шагIир ГIайшат Ибрагьимова ва цогидал.

Тадбиралда кIодо гьаруна Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялдаса тIадруссинчIезул, мобилизациялде гъорлъе ккаразул, СВОялда шапакъатал щваразул улбул ва лъудби. Гьезие кьуна Баркалаялъулал кагътал ва сайгъатал. Гьединго кIодо гьаруна хъулухъ тIубалаго чIварал жанисел ишазул хIалтIухъабазул улбул ва лъудби.

Эбелалъул къоялда хурхараб тадбир берцин гьабуна МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул, гьебго поселениялъул «Бакъ» ясли-ахалъул тарбиячагIазул цецерахъиназ.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# «БакIалъулаб байбихьи»

### ИчичIали росдал лъел рогIрал къачIазе – 5 млн гъурущ

**ИчичIали росдал лъел рогIразе капиталияб ремонт гьабиялъул халгьабуна Бакълъул районалъул бетIер**



**Гъалип Гъалиповас араб анкьалъ. Гьел хIалтIаби гьарулел руго «БакIалъулаб байбихьи» абураб программаялда рекъон. Муниципалитеталъул архитектураялъул, бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ХIажимурад АхIмаднабиевасул рагIабазда рекъон, жакъа къоялъ ичичIалисезе гьоркьоса къотIичIого лъим чIезабиялъул хIалтIаби 40% тIуран руго.**

«Гьеб росдал лъел рогIрал къачIазе биччан букIана 5 млн гъурущ, гьезда гьоркьосан 915 азарго гъурущ сахаватчагIаз кьураб буго, 800 азаргоялдаса цIикIкIун гъурущ районалъул бюджеталдаса биччана, хутIараб – республикаялъул бюджеталдаса. Росулъе лъим бачIунел рогIрал къачIаялъул хIалтIаби гьаб сон лъугIинелде рагIалде рахъинаризе ракIалда буго»,- ян абуна ХIажимурад АхIмаднабиевас.

«БакIалъулаб байбихьи» абураб ва цогидал федералиял, регионалиял программаби муниципалиталда гIумруялде рахъинариялъул суалал бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул хъаравуллъиялда руго.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТIАЛАБАЛ ТIОРИТIУЛЕЛ РУГО

# Игьалиса ГIумарасхIаб Хасаймирзаевгун дандчIвана Гъалип Гъалипов

### Нухал, токил мухъал къачIай, лъим чIезаби...

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас къабул гьавуна Игьали росулъа ГIумарасхIаб Хасаймирзаев. 90 сон барав Игьали росулъа харабазул вакилас кIвар бугел суалал рорхана, ай нухал, токил мухъал, къачIаялъул, гьоркьоса къотIичIого росабалъ лъим чIезабиялъул. Хасаймирзаев вукIана росдал депутатлъунги. Гьес ракIалде щвезабуна гIадамаз рищарал, халкъгун гIемер дандчIвазе, гIагараб ракь цебетIезе квербакъулел программаби нухдаинариялъулъ жигарго гIахьаллъизе кколеблъи.**



Хасаймирзаевас рорхарал суалал Гъалип Гъалиповас жиндирго хъаравуллъиялде росана ва баркала кьуна, ватIан цебетIеялъул ургъел гьабун, жиндирго пикраби загьир гьаруралъухъ, дандчIвазе вачIаралъухъ. Гьарана гьесие щулияб сахлъигун халатаб гIумру.

ГIумарасхIаб Хасаймирзаев вукIана жавабчилъи цIикIкIарал хъулхъазда, Игьали росу ва Бакълъул район цебетIезе гьабуна гIемераб хIалтIи, жакъа къоялъги вуго жигарав жамгIияв хIаракатчи.

**«Гумбет» РИО**

РОХЬИЛ КЪИСА

# ЦIа ккеялъул хIинкъи гьечIолъи цIуне

**Бакълъул районалъул администрациялъ ракIалде щвезабулеб буго цIа ккеялдаса цIуниялъул къагIидаби хIалтIизари щивасул борч букIин.**

ЦIодорго рукIине ккола рохьор. Рокъор, электроприборал хIалтIизарулаго, цIунизе ккола хасал къагIидаби.

ЦIа ккеялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъ квербакъула нагьаб балагьалдаса цIуниялъе.

ТIабигIат цIуни щивасда тIадаб иш буго.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Спецоперациялъул гIахьалчагIаз цIалана бакълъулазул цIалдохъабазул кагътал

**Бакълъул районалъул ЕДДСялъул нухмалъулев Гъайирби Хункар-**



**биев ва хIалтIухъаби щвана мобилизациялде гъорлъе ккарал бакълъулазул хъизабахъе. Гьедин, кванил нигIматал щвезаруна Самад АхIмадовасул, Расул МухIамадовасул, Шарудин МухIамадовасул хъизабазе. Гьединалго кумек гьабиялъул тадбирал тIоритIулел руго муниципалитеталъул цогидал росабалъги.**

МелъелтIа росдал бегавул МухIамад ГIабдунасировас, мелъелдерил маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор ГIазра РурухIмаевалъ, поселениялъул ВУСалъул хIалтIухъан Муса Къурбановас гьединго кумек гьабуна хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул хъизабазе.

ЦIалдохъабазул посылкабигун кагъталги щолел руго рагъухъабахъе. Гьедин, Бакълъул районалъул Гьарадирихъ росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ХIажиев ХIажимурад Исрапиловичасул кагъат цIалана спецоперациялъул гIахьалчагIаз.

«ВорчIами, солдат! Дие бокьун буго дуе хIинкъи гьечIолъиялъухъ, бахIарчилъиялъухъ баркала кьезе. Гьарула дуе къуват, сабру, бергьенлъигун тIадвуссин. Гьарула дуда, солдат, нижее роцIцIараб зоб цIунизе хIаракат бахъеян. Нижеца дуе нахъеги гьарула сахлъи, сундулъго икъбал ва кинабго лъикIабщинаб»,- ан хъван буго ХIажиевас. Гьарадирихъ росдал гьоркьохъеб школалъул директор Тайгин ГIалихIажиевасул рагIабазда рекъон, цIиял гIелазул ВатIаналдехун лъикIаб бербалагьи бижизаби, гьел куцай – мугIалимзабазул борч.

СВОялъул гIахьалчагIахъе кагътал ва сайгъатал щвезаруна «Рагъулаб вацлъи» ВООВалъул Бакълъул мухъалда бугеб отделениялъул нухмалъулев, Дагъистаналъул гIолилазул мустахIикъав насихIатчи, Афгъаналъул рагъул ветеран МухIамадрасул Сулеймановас, «Рагъулаб вацлъи» идараялъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул гIахьалчи Дада ХIажиевас ва цогидаз.

Сулейманов, ХIажиев ва жиндиего бокьун Украинаялде арав бакълъулав МухIамадшарип Абакаров гьединго щвана Бакълъул районалдаса Заира Пахрудиновалъухъеги. Гьей мугIалимлъун хIалтIулей йиго Мелитополялда.



Россиялде гъорлъе рачIарал цIиял регионал бахIарчиго цIунулел руго бакълъулаз. Гьедин, Бакьулъ Гьарадирихъа Шамил ГъазимухIамадовас ва ТIад Гьарадирихъа Ражаб Къурбановас бихьизабулеб



буго гьунар ва къо хIехьеялъул мисал.

Гьединго къиматалда борхулеб буго рагъулаб борч Килалъ росулъа, мобилизациялде гъорлъе ккарав, маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор ХIажимухIамад Шапиевас. Спецоперациялде инчIого вукIине рес букIаниги, Шапиевас къотIи гьабуна улкаялъул нухмалъулес рагIинабураб спецоперациялъулъ гIахьаллъи гьабизе, гIагараб ракь неофашистаздаса цIунулезул кьерда вукIине.

Килалъ росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазги гIахьаллъи гьабуна «Солдатасухъе кагъат» абураб акциялъулъ. 8-абилеб классалъул цIалдохъан Марям МухIамадовалъул ва 7-абилеб классалъул цIалдохъан Раянат МухIамадовалъул кагъат цIалана спецоперациялъул гIахьалчагIаз.

Жиндиего бокьун спецоперациялде арав Лъанлъари росулъа Шагърудин АсхIабгIумаровас битIана киназдего салам, гьесул рагIабазда рекъон, улкаялъул нухмалъулев Владимир Путиница цере лъурал масъалаби лъикI тIуразе рагъухъабаз хIаракат бахъулеб буго.

**«Гумбет» РИО**

# Уроженец села Мехельта Гасан Гасанов награжден медалью Суворова

**Уроженец села Мехельта Гумбетовского района, участник СВО на Украине Гасан Гасанов награжден медалью Суворова.**



После окончания хасавюртовского медицинского колледжа ПОАНО он пошел служить по контракту фельдшером в Центральный военный округ г. Самары. С 23 февраля принимал участие в СВО. За все время прохождения службы Гасан Гасанов всеми силами оказывал помощь военнослужащим. Ему удалось многих вынести из-под обстрела во время столкновения с неофашистами. Уверенные и самоотверженные действия фельдшера Гасанова способствовали освобождению населенного пункта от вооруженных формирований украинских неонацистов. Сам он получил ранение в бедро. Несмотря на травму, поставленная перед ним задача была выполнена.

Указом Президента России, Верховного Главнокомандующего ВС РФ Владимира Путина Гасан Магомедович Гасанов удостоился Медали Александра Суворова за выполнение воинского долга в спецоперации по освобождению Донецкой и Луганской республик от неофашистов. Это настоящий пример доблести и отваги, который никого не оставит равнодушным. Напомним, что генералиссимус, непобедимый полководец Александр Суворов, который прошёл зимой с войском через Альпы, одержал много блистательных побед. Глава Гумбетовского района Галип Галипов поздравил Гасана Гасанова с получением государственной награды, пожелал ему крепкого здоровья и всего наилучшего.

**РИО «Гумбет»**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ …

# Гьудул-гьалмагълъиялда кIочон гьечIо ГъазимухIамад АхIмадов

**25 ноябралда 5 сон тIубана Россиялъул мустахIикъав тренер, ветераназда гьоркьов чанцIулго дунялалъул чемпионлъун вахъарав ГъазимухIамад АхIмадов нилъедаса ватIалъаралдаса. Бакълъулазул нухмалъулев Гьалип Гьалиповас бицана ГъазимухIамад АхIмадович АхIмадовасул гIумрудул хIакъалъулъ, тренер ва гIадан хIисабалда гьесул рукIарал тIокIлъабазул, махщел цIикIкIиялъул.**



«Россиялъул мустахIикъав тренер ГъазимухIамад АхIмадовас цIакъ хIаракат бахъана улкаялда спорт цебетIезабизе. Гьес тарбия кьураз чIахIиял спортивиял бергьенлъаби росана. ГъазимухIамад АхIмадовичасулгун дир букIана щулияб гьудуллъиялъулаб бухьен, дир тренер ва вацлъи рагIинабурав чилъун вукIана гьев.

ЦIакъ пашманаб иш буго гьединав гIамал берцинав ва гьунар тIокIав инсан нилъедаса хекко ватIалъи. Алжаналъув ватаги. Гьудулзабазда, тарбиячагIазда кIочон гьечIо гьесул цIар. Дагъистаналъул меседилаб фондалъулъе ккола АхIмадов ГъазимухIамад АхIмадовичасул цIар»,- ян абуна Гьалип Гьалиповас.

ГъазимухIамад АхIмадов гьавуна 1952-абилеб соналъул 9-абилеб марталда Гъуниб районалъул КIогьориб росулъ. ЧанцIулго вахъана ветераназда гьоркьов самбоялъул дунялалъул чемпионлъун. 1996-1998 сс. Дагъистаналъул ХIинкъи гьечIолъи цIуниялъул гIуцIиялъул секретарасул заместительлъунги хIалтIана.

**«Гумбет» РИО**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Будь осторожен!

**Избитая истина «болезнь легче предупредить, чем лечить» относится к СПИДу в большей степени, чем к любому другому заболеванию.**

ВИЧ инфекция – вирус иммунодефицита человека (возбудитель СПИД)

- Причиной заболевания, известного как СПИД «Синдром приобретенного иммунодефицита» - последняя стадия ВИЧ инфекции, является поражение организма вирусом иммунодефицита человека. Страдают, в первую очередь, клетки иммунной системы, которые утрачивают свою главную функцию – защиту организма от заболеваний.

Вирус иммунодефицита относится к лентивирусам (действующим медленно), группа – ретровирусы. Изображение вируса схоже с противолодочной миной, на поверхности которой находятся «гликопротеиновые грибы» — орудие, при помощи которого вирус проникает в Т-лимфоциты (клетки крови человека). В ядре Т-лимфоцита содержится генетической информации в 100 000 раз больше, чем в самом вирусе, но, тем не менее, клетка не в состоянии противодействовать вирусу и начинает медленно разрушаться от его губительного воздействия.

В 1982 году ВИЧ инфекция была обнаружена впервые, вирус долгое время изучался, и о нем сегодня известно больше, чем о каком-либо другом вирусе, поражающем человеческий организм.

В настоящее время ВИЧ вполне обоснованно относится к одному из самых опасных вирусов, от которого не существует вполне эффективных лекарств и вакцин. От эпидемии уже умерло более 6 миллионов людей по всему миру. Обезопасить себя от заражения ВИЧ инфекцией можно только, исключив контакты и ситуации, при которых возможна передача вируса. На ранних стадиях ВИЧ инфекцию можно предотвратить используя лекарственную терапию, развитие страшной болезни (СПИДа).

Многие путают эти понятия (ВИЧ и СПИД), ставя между ними фактически знак равенства. Это не совсем так!

ВИЧ-инфекция – вирусная инфекция, вызывающая иммунодефицитное состояние у человека, однако не каждый носитель вируса болен СПИДом. От момента инфицирования ВИЧ до развития СПИДа может пройти очень большое количество времени, иногда несколько лет. Почти у 60% ВИЧ-инфицированных бессимптомный период течения инфекции составляет 5-7 и более лет.

СПИД (синдром приобретенного иммунодефицита человека) – конечная стадия ВИЧ-инфекции, при которой состояние иммунной системы человека настолько угнетено, что она неспособна сопротивляться никаким видам инфекций. Даже безобидная простуда при СПИДе может стать причиной летального исхода.

**Пути заражения:**

- Половой контакт – распространенный путь инфицирования ВИЧ.
- Гемотрансфузионный путь (при переливании крови и ее компонентов, а также среди наркоманов при использовании нестерильных шприцев или игл). В настоящее время на долю гемотрансфузионного пути заражения ВИЧ приходится наибольшее количество случаев.
- Трансплацентарный (от матери ребенку при беременности, при лактации)

**Меры предосторожности:**

Ученые всего мира делают все возможное, чтобы в ближайшее время было разработано эффективное средство против ВИЧ. И хотя некоторые успехи в этой области есть, но вакцина от инфекции пока не изобретена. Поэтому профилактика ВИЧ – это надежный и гарантированный способ защиты от инфекции, и результаты его зависят от поведения каждого человека.

Одним из самых важных направлений профилактики ВИЧ можно считать профилактику вертикальной передачи ВИЧ инфекции, то есть – прохождение профилактического курса лечения беременными женщинами, являющимися носителями вируса иммунодефицита человека. Для того чтобы своевременно выявить и принять профилактические меры по предотвращению заражения ребенка.

Если говорить о профилактике инфицирования через кровь, то необходимо помнить о правилах личной гигиены при пользовании туалетными принадлежностями. В первую очередь, это касается предметов, которыми можно порезаться, и на которых могут сохраняться следы крови (ножницы, щипцы, бритвенные станки т. д.). Переливаний крови, плазмы вне стен больничных учреждений, проведение. нелегальных абортов и других операционных вмешательств вне стен лечебно профилактических учреждений.

ВИЧ можно заразиться во время инъекций, если используется не одноразовый инструментарий, либо при любых контактах – «кровь в кровь». Можно утверждать, что инъекционные наркоманы заражаются чаще других категорий населения СПИД (ВИЧ) инфекцией, так как используют неоднократно общие шприцы.

**Передача вируса другому лицу исключена:**

- Вирус ВИЧ не передается через рукопожатие, занятия спортом, нахождении в одном помещении с больным.
- Не передается ВИЧ через предметы одежды, спальные принадлежности, посуду. Вирус быстро гибнет в окружающей среде.
- Не выживает ВИЧ в водной среде, поэтому нет смысла бояться заражения в бане, бассейне, сауне.
- Нет оснований считать, что вирус ВИЧ могут передавать кровососущие насекомые. Человеческий вирус не живет в организме насекомого.

**Зачем мне знать, есть ли у меня СПИД?**

- Очень важно знать свой статус, чтобы вовремя принимать специальные препараты, останавливающие развитие болезни и не допускать развития СПИДа.
- Очень важно знать свой статус, чтобы быть еще более внимательным к своему здоровью, так как любое заболевание на фоне ВИЧ инфекции протекает тяжелее и требует специального лечения.
- Очень важно знать свой статус, чтобы не заразить своих близких и любимых людей.
- Единственный способ выяснить присутствие вируса ВИЧ в организме, сдать специальный анализ крови на ВИЧ.

Необходимо помнить, что значительно проще избежать инфицирования ВИЧ, чем вылечить приобретенное заболевание. Необходимо приложить максимум усилий, чтобы эта страшная беда прошла стороной от нас и наших близких!

**Х.М. Джамалдинова,**
**главный врач ФБУЗ «ЦГ РД в Ботлихском районе»**

СТРАНА ГОР

## Международная акция «Тест по истории Великой Отечественной войны» пройдет в Махачкале 23 ноября 2022 года




**Парка «Россия – моя история» запланировано организовать международную акцию «Тест по истории Великой Отечественной войны», сообщает РИА «Дагестан».**

В рамках мероприятия участники смогут проверить свои знания об истории Великой Отечественной войны, ответив на тридцать вопросов, которые охватывают разные события данного этапа истории нашей страны. Так, в акции можно принять участие и в онлайн-формате на сайте проекта большаяистория. РФ.

**РИО «Гумбет»**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

## «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

Подписка – 2023

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2022-абилеб соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениялдасанги редакциялдасанги.**




**Ниж божарал руго, росабазул администрациязул бутIрузул, почалъул хIалтIухъабазул, газета цIалулезул кумекалдалъун 2023-абилеб соналъ «Гумбет» газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.**

**ЛъагIалие багьа:**
**почалдасан – 670 гъурущ;**
**редакциялдасан – 250 гъурущ.**
**ТIоцебесеб бащдаб лъагIалие багьа:**
**почалдасан - 335 гъурущ;**
**редакциялдасан – 125 гъурущ.**

**«Гумбет» РИО**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.